# МУЙТЕН УРЫЎЫНЫҢ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫ ҲАҚҚЫНДА БОЛЖАЎЛАР

***Давлетияров Мадатбай Махсетбаевич***
***Абдикаримов Бахыт Орақбаевич***
*[1]Тарийх илимлери бойынша философия докторы (PhD), үлкен илимий хызметкер. ӨзР ИА ҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институтының докторанты.*
*[2]Қарақалпақ мәмлекетлик университети Этнография, этнология ҳәм антропология қәнигелигиниң магистранты*

**Аннотация**

Мақолада қароқалпоқлардаги муйтен уруғининг келиб чиқиши, қорақалпоқларнинг уруғ-қавм тизимидаги ўрни ва аҳамияти, бу масала била шуғилланган этнограф-олимлар ва уларнинг бу борадаги баҳслари кўриб чиқилади.

**Аннотация**

В статье рассматривается вопрос о происхождении рода муйтен у каракалпаков, его роль и значение в родоплеменной системе каракалпаков, работы ученых-этнографов, занимавшиеся этим вопросом, и их споры по этому вопросу.

**Annotation**

The article examines the question of the origin of the Muiten genus among the Karakalpaks, its role and significance in the tribal system of the Karakalpaks, the work of ethnographers who dealt with this issue, and their disputes on this issue.

**Калит сўзлар**

Этник, қавм, уруғ, муйтен, этногенез, антропология, этнология, Орол

**Ключевые слова**

Этнос, племя, клан, муйтен, этногенез, антропология, этнология, Арал

**Keywords**

Ethnos, tribe, clan, muiten, ethnogenesis, anthropology, ethnology, Aral

Қарақалпақлар этникалық қурылысы жағынан алып қарағанда әзелден урыў-қәўим болып жасап келген. Қарақалпақлардың тарийхын, мәдениятын, әсиресе бул халықтың келип шығыў тарийхын үйренгенимизде әлбетте оның урыў-қәўимлик дүзилисин итибарға алыўымыз шәрт. Белгили болғанындай қарақалпақлар еки арысқа бөлинеди, ҳәр бир арыс үлкен урыўларға, олар өз гезегинде урыўларға, тийрелерге ҳәм майда-майда көшелерге бөлинеди. Қарақалпақ халқының бул өзгешелиги тарийхшы илимпазлардың итибарынан шетте қалған емес.

Қарақалпақ урыўларының ишинде мүйтен урыўының келип шығыўы ҳаққында айрым илимпазлардың көз-карaслары ҳәр қыйлы. Бул урыў қарақалпақ урыўларының ишиндеги әййемги урыўлардан екенлиги илимпазлар тәрепинен көп мәртебе айтылып келинген. Генеалогиялық жағынан қарағанда мүйтен урыўы қарақалпақлар арасында ең ески урыўлардан есапланады. Этнографиялық экспедиция жуўмақларында да бул жүдә фантастикалық түрде берилген (Мамбетов К., 1993. 21 б.). Илимпазлар арасында мүйтен урыўының келип шығыўы ҳаққында тартыслар болып келгенлиги сыр емес, ҳәм елеге шекем толық өз шешимин таппағанлығы белгили.

Мүйтен урыўының келип шығыўы ҳаққында халық арасында көплеген аңыз ҳәм рәўиятлар сақланып келинген. Соның тийкарында ҳәм басқада дереклер тийкарында бул бойынша көплеген илимий мийнетлер жазылған. Мысалы, бул мәселе қарақалпақ тарийхын изертлеўде өз үлеслерин қосқан илимпазлар С.П.Толстов, Т.А.Жданко, С.К.Камалов, Х.Есбергенов, Л.С.Толстова, К.Мамбетов мийнетлеринде өз сәўлелениўин тапқан. Бул мәселе бойынша ең көп шуғылланған илимпазлардан Л.С.Толстова өз мийнетинде былай дейди: «1961-1969 жж. бизлер тәрепинен (Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы) қарақалпақлардың ҳәм олардың ата-бабаларының этногенези жәнe олардың Шығыс Европа, Кавказ ҳәм Алдынғы Азия халықлары менен болған байланыслары мәселелери бойынша, ең алды менен әййемги қарақалпақ қәўимлери болған мүйтенниң келип шығыўы ҳәм этникалық тарийхы ҳаққындағы мәселени үйрениўге байланыслы бир қатар изертлеўлер жүргизилди» (Толстова Л., 1975. 18-19 бб.).

Сондай-ақ Л.С.Толстова жоқарыда көрсетилген мийнетинде мүйтенлердиң келип шыгыўы менен туўрыдан туўры байланысы болған территорияларды келитирип өтеди: «Мүйтенлердиң этногенезиндеги олардың әййемги қалдықларын қубла ҳәм қубла батыстан, әййемги Шығыс Алдынғы Азия (Шумер, Митанни, Хетт патшылығы, Ассирия мәмлекетлери) мәдениятының, сондай-ақ қубла Туркменстандағы энеолит дәўириндеги археологиялық мәдениятлардан көриўге болатуғынлығы изертлеўлер көрсетти» (Толстова Л., 1975. 20 бб.).

Тарийхшы-алым Андрианов Б.В. өзиниң «Этническая территория каракалпаков в северном Хорезме» деген мийнетинде А.В.Каульбарстың матерриалларын үйрене отырып қарақалпақ мүйтенлериниң жайласқан жерлери ҳаққында мағлыўмат берип өтеди. «Әмиўдарья дельтасының арқа-шығыс тәрепинде бурынғыдай қарақалпақ мүйтенлери жайласқан. Олар Жаңа суўдың төменги алабын жайлаған. Бул қарақалпақ аўылларының бир бөлеги А.В.Каульбарстың мағлыўматы бойынша Үлкен дарья дельтасында (Мүйтен өзек) жайласқан. XIX ә. Улыўма қарақалпақ мүйтенлери хожалығының улыўма

саны Хийўа ханлары архиви мағлыўматы бойынша 500 ден аслам болған» (Андрианов Б.В., 1952. 111 бб.).

Антрополог А.И.Ярхо өзиниң «Антропологический тип каракалпаков» деген мийнетинде: «Қарақалпақлардың урыўлық дүзими көпшилик жағдайда, айрым урыўларды есапқа алмағанда (мысалы, мүйтен урыўы), түркий халықлар менен улыўмалыққа ийе» (Ярхо А.И., 1952. 596 б.). Яғный ол қарақалпақлар түркий халықлар менен улыўмалыққа ийе екенлигин айта отырып усы миллеттиң урыўлық қурылысының бир бөлеги болған мүйтенлерди түркий халықларға жатқармайды.

Буған қарсы пикир ретинде биз Л.П.Потаповтың «Очерки из истории алтайцев» деген мийнетинен мысал келтирип өтемиз, онда былай делинеди: «Алтай түрк қәўимлериниң қарақалпақ этногенезинде ушырасыўын биз, қараўында тели урыўы болған қарақалпақлардың мүйтен қәўимин анализлеў барасында белгили болады. Себеби тели урыўының ата-бабалары Алтай жеринен эрамыздың биринши әсирлеринен-ақ белгили» делинеди (Потапов Л.П., 1953. 139 б.). Яғный, қарақалпақлардың мүйтен урыўының қурамына кириўши тели урыўының Алтай жеринде ертеден-ақ пайда болғанлығын көре отырып, мүйтен урыўы түркий халықларға жақынлығы болған деген пикир пайда болады. Бирақ, Л.П.Потаповтың мийнетинде аты аталған тели атамасының, ҳәзирги мүйтен урыўының қурамындағы тели атамасы менен байланысы болғанлығы анық емес. Сонлықтан көпшилик алымлардың миллетлердиң келип шығыўын олардың атамасына қарап емес, ал олардың мәдениятына қарап анықлаўымыз керек деген пикирлерине үлкен дыққат аўдарыўымыз керек.

Ал антрополог Н.Рысназаров бул мәселе бойынша қарақалпақ урыўларының арасында европеоидлар белгилери бойынша мүйтенлер биринши орынды алады деген пикирге келеди (қоңыратлар екнши орынды, ал қытайлар көбинше монғолларға жақын келеди) (Рысназарова Н., 1969.).

Жоқарыда аты аталған алымларымыздың көпшилиги мүйтенлердиң келип шығыў тарийхын үйрениўде халық аўыз-еки әдебияты, халық арасынан алынған аңыз ҳәм рәўиятларға тийкарланып, оларды үйренип, анализлеп белгили бир жуўмақларға келген.

Қарақалпақ комплексли илим-изертлеў институты хызметкери У.Кусекеевтиң 1933 жылғы дала жазыўларында халық аўзынан жазып алынған мүйтенлер ҳаққында айрым мағлыўматлары бар. Бул мағлыўматлар мүйтенлердиң келип шыгыўы ҳаққында халықтың көз қарасларын билдиреди:

- Мүйтенди бурынырақта Ташкент жақларынан шаўып алып келген дейди. Ең дәслеп мүйтенлер келгенде еки жүз шамасы ақ үйлер екен. Буннан 15-20 жыллар бурын мүйтенлер бурынғы отырымлы жери теңиз етегинен көшип қарақалпақлардың жерин басып алып кете берген екен.

- Ысақ деген пайғамбардың еки улы болған. Биринширсиниң аты Ийис болып, денеси жүнли, екиншиси Яқып жүнсиз болған. Ысақ соқыр болған. Өлер алдында Ийиске айтқан ешки етинен ислик қылып алып келип берсең, ҳаққыңа бир дуўа қыламан дейди. Ысақтың бул сөзин Яқып еситеди де бир текени сойып ислик қылып, терисин үстине кийип атасының қасына келеди. Сөйтип Ысақ турады да «Пайғамбар болғайсаң» деп дуўа қылады. Бир ўақыт баяғы айтқанын питкерип Ийис келеди. Ийис келген ўақыт Ысақ айтады, ўақ балам жаңа Яқыпқа дуўа қылдым ғой дейди. Соннан соң Ысақ тағыда Ийиске айтады, балам дүнья ақырына шекем басыңнан патшалық кетпесин деп саған дуўа қылайын дейди. Сөтип қолын көтерип дуўа қылады. Көпшилик мүйтенлер Арабстанда, мүйтенлер әдетте Ийистен тараған. Мүйтен деген сөз «тәни жүнли» деген сөз, яғный үстинде жүни бар деген сөз. Мүйтенлер Түркистаннан кейин қарақалпаққа қосылған. Оннан бурын қарақалпақларға қосылмаған.

- Сөйлеў жағынан мүйтенлер қарақалпақлардан айырылмайды. Мүйтенниң ураны Ақшолпан. Ақшолпан Майқыбийдиң қызы. Усы қызды бир мүйтен алған екен. Ақшолпанды алған мүйтенди, қарақалпақлар соғысқанда өлтирген. Тек қатыны Ақшолпан аман қалған. Мүйтенлерди қарақалпақлар қырғанда Ақшолпан жүкли екен… Күни жетип ол еки бала туўған. Ақшолпан баллары үлкейгенсоң, сизлер атаңыздың атын айтпаң, болмаса сизлерди де атаңыздай етип өлтирер, мениң атымды айтып өзлериңизди «Ақшолпан» деп шақыра бериң дейди. Мүйтенлер усы еки баладан таралған (Кусекеев У., 1933.).

Мүйтен атамасы көп халықларды ҳәм дәўирлерди изертлеўши көпшилик тарийхшы илимпазлардың мийнетлеринде ушыраспайды. Мысалы, олар Ибн Фадлан (араб., X ә.), Константин Богрянородный (Виз., X ә.), Махмуд Қашқарий (тюрк., XI ә.), Рашид-аддин (перс. XIV ә.), Абулғызы (узб., XVII ә.), Иакиф Бичурин (рус., XIX ә.). Бирақ, әййемги авторлардың мағлыўматы бойынша (Герадот, Гекатей, Страбон, Полибий, П.Мела) б.э.ш. VI ә. – б.э. I ә. Кавказ артының айрым жерлеринде (Аракс ҳәм Галистиң жоқарғы ағыларында) матиен халықларының болғанлығын айтып өтеди (Толстова Л.С., Утемисов А. 1933. 59 б.).

Бул мәселе бойынша қарақалпақ халқының урыўлық қурылысын тереӊ изертлеген алым Т.А.Жданко былай дейди: «Қарақалпақ этногенезиниң дәслепки басқышлары, ҳәм б.э.ш. I әсирлерде Аралдың қубла бойларын ҳәм атаўларын жайлаған сак-массагет қәўимлери болған аппасиаклар – суў саклары менен байланыслы архаикалық дәстүрлердиң комплексин қарақалпақлардың мүйтен қәўиминде сақланып қалынған болыўы мүмкин. Мүйтенлердиң қубла Арал бойы атаўлары ҳәм дельтасы географиялық шараятын әййемнен жайлағанлығы ҳәмде балықшылық ҳәм суўғарыў хожалығы менен байланыслылығы көплеген этнографиялық фактлер дәлиллейди: мүйтен тамғасы

– балықшылық қуралы болған шанышқы; фольклор – оларды балықшы есабында таныткан дереклер ҳ.т.б.» (Жданко Т.А. 1952. 488 б.).

Л.С.Толстова мүйтенлердиң келип шығыўын үйрене отырып өзиниң «Уточнение некоторых вопросов этногенеза каракалпаков» атамасындағы илимий мақаласында Т.А.Жданконың мүтенлердиң қубла Арал бойының әййемги халықлары, сак-массагетлердиң әўладлары деген пикирине қарсы шыға отырып былай дейди: «…муйтены не были аборигенным населением Приаралья. Изучив ряд этногенетических преданий Амударьинских муйтенов и проанализировав их родоплеменной состав, мы пришли к выводу, что Т.А.Жданко не права в своем предположении о том, что муйтены – самые древние, исконные жители Приаралья, ведущее свое происхождение от массагетского племени апасиаков» (Толстова Л.С., Утемисов А. 1933. 59 б.).

Жоқарыда келтирилген ҳәм басқада көплеген дереклерге тийкарланып Л.С.Толстова өзиниң мийнетлеринде мүйтенлердиң келип шығыў тарийхы бойынша жуўмақлар шығарған. Яғный ол мүйтенлердиң ата-бабаларының Алдынғы Азия антропологиялық типине жататуғынлығын олардың Таўраттағы (Библия) Ийсадан келип шыққанлығы хаққындағы аңызларынан көриўге болатуғынлығын айтып өтеди (Толстова Л.С. 1975. 23 б.). Сондай-ақ, аңызға тийкарлансақ мүйтенлердиң ең көп таралған жерлери – бул Аравия, Гохи-Кап таўлары, яғный Кавказ таўлары, (Жданко Т.А. 1950.) Гурристан (или Гуржистан) – Грузия, Дагестан, Кара тенгиз – Черное море, айрым ўақытлары Крымның аты аталады, бул жерде олар қарақалпақлар менен бирлеседи, сондай-ақ Едил, Жайық, Туркестан (Толстова Л.С., Утемисов А. 1933. 59 б.).

Л.С.Толстова мүйтенлердиң Кавказарты арқалы, Болгария жерлерине, ол жерде болгар, авар, сармат халықлары менен, соң ала печенеглер менен байланыста болып, кейин ала айрым тарийхый уақыяларға байланыслы Едил, Жайық бойларына, соң олардың айрым бөлеклери башкир тәрепке, қалғанлары қыпшақлар жеринде жаңа қәлиплесип киятырған қарақалпақлар менен араласып кеткенлигин дәлийллеп береди. Бул дәлиллери менен ол Т.А.Жданконың келтирген гипотезасын бийкарлайды, яғный мүйтенлер бул жердиң әййемнен киятырған отырықшы халқы емеслигин дәлиллеп берди.

### Пайдаанылған әдебиятлар


1. Андрианов Б.В. Этническая территория каракалпаков в северном Хорезме / ТХАЭЭ (1945-1948 гг.). Том III. М. 1952. Стр. 111
2. Жданко Т.А. Каракалпаки Хорезмского оазиса / ТХАЭЭ (1945-1948 гг.). М. 1952. Стр. 488
3. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. – М.Л. 1950.
4. Мамбетов К. Қарақалпақлар тарийхы. – Н.: «Қарақалпақстан». – 1993. 21 б.

5. Полевые материалы Кусекеева Уразалы. 1933 г. Архив ККОАНРУз
6. Потапов Л.П. Очерки из истории алтайцев. Изд. 2, М.- Л., 1953, стр. 139
7. Рысназарова Н. Проблема происхождения каракалпаков по данным антропологии. Рукопись канд. диссертация Нукус. 1969 г.
8. Толстова Л.С. Жоқарғы қарақалпақлар. – Н.: «Қарақалпақстан». – 1975.
9. Толстова Л.С., Утемисов А. «Уточнение некоторых вопросов этногенеза каракалпаков» / Вестник. №2, Н. 1963. 59 б.
10. Ярхо А.И. Антропологический тип каракалпаков / ТХАЭЭ (1945-1948 гг.). Том I. М. 1952. Стр. 596